



Lwa sou Lisans Vandè Jeneral: Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

Èske w vann, lwe, oswa ofri pou vann oswa lwe pwodui oswa sèvis, eksepte manje, nan yon plas piblik tankou yon lari oswa yon twotwa?

Konsènan Lwa sou Lisans Vandè Jeneral la:

- Pa gen limit sou kantite lisans yo livre pou veteran yo oswa mari/madanm sivivan oswa patnè domestik veteran yo. Kantite lisans yo livre moun ki pa veteran yo limite a 853.
- Vandè Jeneral ki gen lisans lavant Espesyalize Nan Tout Vil la (Jòn) oswa lisans lavant Zòn Midtown Core (Ble) ka vann nan sèten zòn limite epi yo gen priyorite nan anplasan yo pase lòt vandè yo. Lisans sa yo se pou veteran ki gen yon andikap anrapò avèk sèvis. Kantite lisans Ble yo limite a 105. Pa gen limit sou kantite lisans Jòn yo ka livre.
- Ou pa bezwen yon Lisans Vandè Jeneral pou vann atik ki kouvri ak Premye Amanman an, tankou dokiman ekri (jounal, peryodik, liv, bwochi) epi travay atistik (penti, foto, enprime, eskilti, penti sou figi, bèt balon). Ou dwe swiv règleman lavant yo menm si ou pa bezwen yon Lisans Vandè Jeneral.

Pou fasilite ou, chak kategori ki anba a gen ladan seksyon aplikab nan lwa ak/oswa règ la, kidonk ou ka konsilte yo pou plis enfòmasyon. **KLE** ki anba a dekri sitasyon legal ak senbòl ki itilize nan dokiman sa a.

Dokiman sa a pa aplike pou vandè manje, vandè ki opere nan nenpòt pak oswa toupre yo, ni vandè ki netwaye soulye yo.

KLE
<p>NYC Code: Kòd Administratif NYC</p> <p>RCNY: Règ Vil New York yo</p> <p>§: Seksyon</p> <p>§§: Seksyon</p>

Lisans	
1	<p>Ou dwe gen yon lisans valab ki soti nan General Vendor Department of Consumer and Worker Protection (DCWP, formerly Consumer Affairs).</p> <p>Konsèy: Lavant manje egzije pou gen yon lisans ki soti nan Department of Health and Mental Hygiene.</p> <p>Konsèy: Lavant machandiz nan yon Fwar nan Lari otorize (pa egzanp, fwar nan lari, fèt katye, oswa festival) egzije pou gen yon Temporary Street Fair Vendor Permit.</p> <p>NYC Code §20-453</p>
2	<p>Vandè Jeneral yo dwe mete sou yo lisans DCWP yo a pou li vizib toutan pou piblik la ak ajan aplikasyon lalwa yo (pa egzanp, Ajan Polis Sanitè yo, polisye yo).</p> <p>Konsèy: Moun ki gen lisans espesyalize Ble ak Jòn yo dwe mete sou yo ni Lisans Vandè Jeneral yo a (Blan) ni lisans espesyalize yo a.</p> <p>6 RCNY §2-309</p>



Lwa sou Lisans Vandè Jeneral:

Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

Anplasan	
Zòn ki gen limit pou tout lavant san okenn eksepsyon	
3	<p>Ou pa kapab vann nan “Zòn World Trade Center” anba a nan Manhattan (sa gen ladan lari fwontyè yo):</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: bò lès Broadway • Fwontyè sid: bò sid Liberty Street • Fwontyè lwès: bò lwès West Street • Fwontyè nò: bò nò Vesey Street
	NYC Code §20-465(g)(2)
4	<p>Ou pa kapab vann nan yon distans mwens ke 10 pye ak nenpòt kwen lari, antre ak sòti sobwe, oswa antre kay.</p>
	NYC Code §20-465(e)
5	<p>Ou pa kapab vann nan yon distans mwens ke 5 pye akabri otobis yo, kyòsk jounal yo, telefòn piblik oswa kyòs WiFi yo, oswa ranp aksè pou moun andikape yo.</p>
	NYC Code §20-465(q)
6	<p>Ou pa kapab vann nan yon distans mwens ke 20 pye ak kafe sou twotwa yo oswa estann an liy yo.</p>
	NYC Code §20-465(q)
7	<p>Ou pa kapab vann:</p> <ul style="list-style-type: none"> • andedan yon estasyon otobis oswa yon estann taksi oswa sou twotwa a akote yon zòn “pa kanpe la” ki toupre yon lopital • sou yon medyan sof si medyan an se yon sant komèsyal oswa yon plaza pou pyeton (gen espas pou pyeton yo mache) • sou nenpòt griy vantilasyon, griy sobwe, pòt kav, vout transfòmètè, oswa twou egou
	NYC Code §§20-465(e), 20-465(i), 20-465(m)
Anplasan	
Zòn ki limite pou vandè ki gen lisans espesyalize ak vandè Premye Amanman yo	
<p>Tout vandè, sa gen ladan moun k ap vann atik Premye Amanman tankou dokiman ekri ak travay atistik dwe respekte tout lòt egzi-jans yo jwenn nan dokiman sa a.</p> <p>Gade nan paj 1 pou jwenn deskripsyon atik ki kouvri ak Premye Amanman an.</p>	
8	<p>Ou dwe gen yon lisans espesyalize Ble pou vann nan zòn ki anba la a nan Manhattan (sa gen ladan lari fwontyè yo):</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: 2nd Avenue • Fwontyè sid: 30th Street • Fwontyè lwès: 9th Avenue ak Columbus Avenue • Fwontyè nò: 65th Street
	NYC Code §20-465(g)(1)



Lwa sou Lisans Vandè Jeneral:

Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

9	<p>Ou dwe gen yon lisans espesyalize Ble oswa Jòn pou vann nan zòn ki anba la a nan Flushing, Queens (sa gen ladan lari fwontyè yo):</p> <ul style="list-style-type: none"> • Fwontyè lès: bò lès Union Street • Fwontyè sid: bò sid Sanford Avenue • Fwontyè lwès: bò lwès College Point Boulevard • Fwontyè nò: bò nò Northern Boulevard
NYC Code §20-465(g)(4)	
Ekspozisyon	
10	<p>Ou dwe respekte egzijans ekspozisyon sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Ekspozisyon ou an (pa egzanp, tab, charyo, estann) pa plis pase 8 pye longè, 3 pye pwofondè, epi 5 pye wotè. • Ekspozisyon orizontal yo omwen 2 pye ak atè a. • Ekspozisyon vètikal yo omwen 1 pye ak atè a. <p>Konsèy: Ou pa kapab mete atik pou vann dirèkteman sou twotwa a oswa sou yon dra, planch, oswa moso katon sou twotwa a.</p> <p>Konsèy: Ou ka itilize sèlman espas ki touswit anba ekspozisyon ou an pou konsève atik pou vann yo.</p>
NYC Code §§20-465(b), 20-465(n)	
11	<p>Ou dwe kite yon chemen lib omwen 12 pye lajè sou twotwa a pou pyeton yo.</p> <p>Konsèy: Distans lan mezire apati nan limit pwopriyete a jiska nenpòt obstak sou twotwa a (pa egzanp, sipò bisiklèt, bouch ensandi, pano siyalizasyon lari) oswa, si pa gen okenn obstak, jiska twotwa a.</p>
NYC Code §20-465(a)	
12	Charyo oswa estann ou an dwe sitiye akote twotwa a.
NYC Code §20-465(a)	
13	Charyo oswa estann ou an ak machandiz w ap vann yo dwe omwen distans 20 pye ak antre oswa sòti nenpòt bilding.
NYC Code §20-465(d)	
14	Charyo/estann ou an, veyikil ou an, machandiz w ap vann yo, epi nenpòt lòt atik anrapò avèk lavant ou pa kapab touche okenn bilding oswa estrikti (pa egzanp, poto lanp, kontè pakin, bwat lèt, poto siyalizasyon trafik yo, bouch ensandi, bwat pyebwa, ban,abri otobis, poubèl fatra, oswa baryè trafik).
NYC Code §20-465(c)	
Lòt	
15	Ou pa kapab vann nan yon veyikil amotè ki estasyon oswa ki nan doub pakin.
NYC Code §20-465(o)	
16	<p>Ou pa kapab itilize elektrisite oswa ekipman pou pwodui elektrisite oswa ekipman, aparèy, oswa machin ki mache ak lwil oswa gaz.</p> <p>Konsèy: Ou pa kapab itilize okenn ekipman sou yon fil kouran.</p> <p>Konsèy: Ou ka sèvi ak ekipman ki mache avèk pil.</p>
NYC Code §20-465(p)	



Lwa sou Lisans Vandè Jeneral: Pwen Esansyèl ak Konsèy Edikatif pou Ede Konprann Règleman yo

17	<p>Si charyo oswa estann ou an sou wout la (pa egzanp, nan espas pakin), ou dwe swiv tout lwa trafik ak pakin yo.</p> <p>Konsèy: Ou pa kapab vann nan wout la si gen yon zòn sekirite oswa nan yon distans mwens ke 15 pye ak yon bouch ensandi.</p>
NYC Code §20-465(f); 6 RCNY §2-304(c)	
Afichaj Pri	
18	<p>Pou tout atik ki ofri pou vann yo, ou dwe montre pri a, san konte taks, nan fason konsa:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Sou atik la limenm yon tanpon, tag oswa etikèt. OSWA • Sou yon siy ki vizib klèman kote atik la afiche a.
6 RCNY §2-307(b)	
Resi yo	
19	<p>Ou dwe ofri yon resi ki gen nimewo seri pou nenpòt atik yon konsomatè achte. Resi a dwe gen ladan:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Dat acha a • Montan total lajan ak taks ki peye • Deskripsyon atik la • Nimewo Lisans Vandè Jeneral Ou • Yon deklarasyon ke yo ka pote plent bay DCWP ki gen ladan adrès ak nimewo telefòn DCWP's (311) <p>Konsèy: Ou dwe bay Ajan Polis Sanitè yo yon kopi resi imedyatman pou yon lavant pi bonè nan jounen an sou demann.</p>
6 RCNY §2-307	

Pou plis enfòmasyon: **Ale sou nyc.gov/BusinessToolbox | Kontakte 311 (212) NEW-YORK (Deyò NYC)**

Yo bay dokiman sa a pou rezon enfòmasyon sèlman, li pa konplè epi li pa reprezante konsèy legal. Biznis Vil New York yo dwe konfòme yo avèk tout lwa ak tout règ aplikab yo onivo federal, Eta ak Vil la. Biznis yo responsab pou yo konnen epi respekte ak règleman aktyèl yo ki afekte biznis yo a.